**Berdaq atındağı Qaraqalpaq**
**mámleketlik universiteti**
**rektorı B.Jollıbekovqa**
**Oqıw isleri boyınsha prorektorı**
**O.Duysenbayevtan**

# USÍNÍS

Búgingi kúnde mámleketimizde sanlı ekonomikanı rawajlandırıw hám IKT *tarawında joqarı maman* qánigeler tayarlaw mámleketlik siyasattıń tiykarğı bağdarı esaplanadı. Atap aytqanda, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 6-oktyabrdegi PQ-4851-sanlı «Informaciya texnologiyaları tarawında kadrlar tayarlaw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında»ğı qararında studentler arasında programmalastırıw boyınsha olimpiadalar hám tańlawlar ótkeriw, qábiletli jaslardı xoshametlew sistemasın engiziw wazıypası anıq belgilep berilgen.

Sonday-aq, «Bir million programmist» hám Húrmetli Prezidentimiz tárepinen alğa qoyılğan «5 million jasalma intellekt jetekshileri» joybarları sheńberinde universitetimiz studentleriniń ámeliy kónlikpelerin arttırıw úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Usı múnásibet penen, universitetimizde 2025-2026-jılınıń báhárgi semestrinde 10 hápte (keyingi oqıw jıllarınan baslap 12 hápte, hár semestrda) dawam etetuğın, hár háptede programmalastırıw tillerinen paydalanğan halda 5 algoritmlik máselelerdi sheshiwge tiykarlanğan «DevCup» sisteması arqalı universitet turnirin shólkemlestiriwdi usınıs etemen.

**Baslama strategiyası hám tiykarları**

- *PQ-4851-sanlı qarardıń orınlanıwı:* Bul turnir tikkeley qararda kórsetilgen qábiletli jaslardı tańlap alıw hám olardı IKT tarawına bağdarlaw bántlerine tolıq sáykes keledi;
- *Úzliksiz tájiriybe arttırıw:* 10 háptelik múddet dawamında studentlerdiń tek ğana bilimlerin sınaw emes, al olardı sistemalı túrde quramalı máselelerdi sheshiwge úyretiw (trening) imkaniyatın beredi;
- *KPI kórsetkishleri:* Turnir nátiyjesinde universitetimizdiń eń kúshli TOP-3 programmist studentlerin anıqlaw hám olar xalıq aralıq IT-bazarında básekige shıdamlı kadr retinde tájiriybe toplaydı.

**Qarjılay xoshametlew**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 6-oktyabrdegi PQ-4851-sanlı qararında názerde tutılğan xoshametlew mexanizmlerine tiykarlanğan halda,

jeńimpazlar ushın tómendegi sıylıq muǵdarların studentlerdi xoshametlew fondi esabınan támiyinlew arqalı tastıyıqlawıńızdı sorayman:

- *1-orın: 20 000 000 (jigirma million) swm;*
- *2-orın: 15 000 000 (on bes million) swm;*
- *3-orın: 10 000 000 (on million) swm;*
- *Hár háptelik jeńimpazlardı xoshametlew 15 000 000 (on bes million) swm.*

Turnir dawamında 10 háptelik marafon shólkemlestiriliwin esapqa alǵan halda, studentlerdiń har bir turǵa qızıǵıwshılıǵın elede arttırıp barıw maqsetinde «Hápte qaharmanı» sıylıǵında engiziw tiykarǵı, áhmiyetli strategiya bolıp esaplanadı. Sol sebepli «Hápte qaharmanı» (Week Champion) sistemasın engiziwdi másláhát beremen.

*Materiallıq hám ámeliy xoshametlewler:*

Hár háptede 1-orındı alǵan student ushın:

- *Vaucherler:* oqıw orayları, kitap dúkanları yamasa IT-kafeler ushın vaucherler;
- *Texnikalıq sawǵalar:* Powerbank, sapalı qulaqshın (headset), mexanikalıq klaviatura yamasa programmistler ushın arnawlı tıshqansha (mishka);
- *Merch paketler:* Universitet hám turnir logotipi túsirilgen sapalı hudie, futbolkalar yamasa noutbuk ushın kreativ stikerler toplamı.

- DevCup.uz platforması tiykarshıların hám turnirdiń hár háptelik máseleler bazasın turaqlı túrde qáliplestirip barıw maqsetinde bekitilgen professor-oqıtıwshılardı belgilengen tártipte nızamshılıq hújjetlerinde qadaǵan etilmegen derekler esabınan hár bir turnir juwmaǵında bir aylıq is haqısı muǵdarında materiallıq xoshametlew.

Húrmetli Rektor, usı baslama universitetimizdiń sanlastırıw tarawındaǵı reytingin arttırıwǵa hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-4851-sanlı qararnıń orınlanıwın ámelde támiyinlewge xızmet etedi. Bul joybardı qollap-quwatlawıńızdı sorayman.

**Oqıw isleri boyınsha prorektorı** **O.Duysenbayev**